

LEKÒL PIBLIK YO NAN ZÒN POK LA GID POU RETOUNEN LEKÒL

ANE LEKÒL 2021-2022

Lekòl Piblik Yo Nan Zòn Pok la met sou pye plizyè mwayen pwotokòl pou ofri yon anviwònman ki sekirize e sen pou etidyan e pèsònèl yo. Men yon ti koudèy sou mezi nou met anplas yo pou ane eskolè 2021-22 a. Pou plis enfòmasyon sou pwotokòl sekirite nou yo, vizite polkschoolsfl.com/backtoschool.

Plan e pwosedi yo ka chanje dapre adaptasyon ki fèt nan mach a suiv eta, lokal e, e CDC yo.

BIS



- Bis yo ap transpòte etidyan selon tout kapasite plas yo genyen.
- CDC e Depatman Sante Florid nan Pok la rekòmande tout pasaje ki monte abò bis yo pou yo pote kouvrelè fas diran yo nan bis lekòl la. Kouvrelè fas yo opsyonèl pou kounye a.
- Chofè yo ap siveye sentòm pa yo chak jou, e nenpòt moun ki gen yon fyèv oswa sentòm ki lye avèk COVID pa dwe ale lekòl.
- Paran e etidyan dwe siveye sentòm pa yo chak jou. Etidyan pa dwe ale nan arè bis yo si yo pa santi yo byen.
- Ekipman ki gen sanitayzè men enstale nan chak bis, e etidyan va sèvi ak sanitayzè men pandan y ap antre e soti nan bis la.
- Pou minimize ekspozisyon, etidyan ap monte bis la soti dèyè vini devan, e desann soti devan al dèyè.
- Etidyan ap gen syèj ki asiye ak yo, sa va ede nan retrase pwen kontak yo si toutfw ta gen yon moun ki teste pozitif pou COVID-19.
- Selon jan kondisyan tan an pèmèt li, bis yo ap vwayaje ak plizyè fenèt ouvè pou pèmèt lè frèch sikile.
- Bis lekòl yo ap dezenfekte ak sanitayzè plizyè fwa chak jou e yap chanje filtè A/C yo chak 27-30 jou.

- Etidyan e pèsònèl ap jwenn rapèl diran tout ane a pou fè yo sonje pratike bon lizaj liyèn, e ap gen ansèy pwomosyon bon kondisyon liyèn k ap afiche sou tout kanpis la.
- Sanitayzè men ap disponib patou nan chak kanpis.
- Distansyasyon sosyal ap ankouraje nan dènye rigè posib nan tout lekòl yo e sal klas yo.
- Graf kote chak moun va chita ap itilize pou ede Pratike distansyasyon sosyal e jefò yo nan retrase pwen kontak yo nan ka ta gen yon ka pozitif.
- Etidyan dwe evite pataje/echanje aparèy e materyèl.
- Batiman yo ap netwaye antyèman e regilyèman, e andwa ki pi frekante e touche yo ap dezenfekte diran tout jounen an.
- Netwayaj pwofon ap fèt le gen yon ka COVID-19 konfime.
- Tout klas e klinik lekòl ekipe avèk pirifikatè e gen filtrasyon HEPA.
- Filtè A/C klimatizasyon yo ap chanje souvan.
- Ti gwoup etidyan kapab dezabiye yo avèk apwobasyon administrasyon-an. Ti gwoup etidyan sa yo dwe pratike nan tout okazyon posib prensip distansyasyon sosyal yo nan chanm dezabiman "locker room" nan.

LEKOL & SAL KLAS YO



- CDC e Depatman Sante Florid nan Pok la rekòmande tout pasaje ki monte abò bis yo pou yo pote kouvrelè fas diran yo nan bis lekòl la. Kouvrelè fas opsyonèl pou kounye a.
- Etidyan, pèsònèl, e vizite pap nan obligasyon pou konplete tès tchèk tanperati lè yo rive sou kanpis yo.
- Etidyan e pèsònèl yo dwe siveye sentòm pa yo chak jou. Nenpòt moun ki gen yon fyèv oswa sentòm ki lye ak COVID pa dwe vini lekòl.

KAFETERYA



- Sa moun Pi touche yo tankou ba koulis kote moun pran manje yo, bwat katon lèt e klavye pou tape nimewo yo ap dezenfekte souvan.
- Tab yo ap dezenfekte apre chak peryòd entèval repa.
- Ekipman vesèl kabare yo ap dezenfekte antyèman.
- Aksè antre e soti deziye ap kontwole trafik sikilasyon e minimize kontaminasyon.
- Tout asyèt yo ap ranpli ak manje davans. Moun pap ka pran manje pou met nan plat yo pou sèvi tèt yo pou kont yo.
- Pap gen kare kote pou moun al sèvi tèt yo pou kont yo.

KLINIK LEKOL



- Pèsonèl klinik yo ap abiye ak ekipman pwoteksyon ki pwoteje yo jan l konn apwopriye lè yap trete e teste moun.
- Andwa izolman ap etabli pou separe moun ki gen sentòm yo lwen operasyon nòmal klinik yo. Menm lè kouvrelè fas opsyonèl, moun ki gen sentòm yo gen obligasyon pou pote kouvrelè fas menm lè yo plase nan zòn izolman yo.

KOUVRELI FAS



- Kouvrelè fas opsyonèl pou kounye a. CDC e Depatman Sante Florid nan Pok la rekòmande tout pasaje ki monte abò bis yo pote kouvrelè fas diran yo abò bis lekòl la. Kouvrelè fas opsyonèl pou kounye a.
- Si w mete l, kouvrelè fas dwe kouvri a lafwa nen e bouch e dwe chita byen plase pou kouvri tou de bò figi a.
- Kouvrelè fas dwe konfòm ak kod abiman jeneral e regleman inifòm lekòl la.
- Etidyan e pesonel ka pote pwoteksyon plastik fas yo anplis kouvrelè fas yo.

REPONS COVID-19



- PCPS ap travay sere sere avèk Depatman Sante Florid nan Zòn Pok la pou avèti kominote lekòl yo si ta gen yon ka pozitif konfime.
- Yon notis tout lekòl la ap voye bay lè gen yon ka pozitif ki afekte yon kanpis.
- Endividi ki ekspoze nan kontak pwòch ak yon ka pozitif (swa sis pye pou 15 minit oswa plis) ap jwenn notis tou atravè yon apèl otomatik sou telefòn.
- Endividi ki rive ekspoze nan kontak pwòch avèk yon ka pozitif ap jwenn enstriksyon espesifik sou sa ki dwe fèt tou suit apre (plase nan karantèn, izole, siveye sentòm pa yo, etc.).
- Etidyan ki pa vaksine oswa pèsonèl ki idantifye te ekspoze nan kontak pwòch ak yon ka pozitif dwe met tèt li nan karantèn pou yon minimòm 10 jou apati dènye jou kontak la. Yo pa ka teste soti nan karantèn – sa vle di yon tès negatif pap wetire yo nan peryòd karantèn nan.
- Etidyan ak pèsonèl ki pran tout dòz vaksen yo pap nan obligasyon plase an karantèn si li idantifye yo te nan kontak pwòch depi yo pa devlope sentòm.

- Etidyan oswa pèsonèl ki gen sentòm lye ak COVID dwe rete lakay yo. Yo ka tounen lè youn nan kritè suivan yo satisfè:

1. 10 jou gentan pase, yo pa gen fyèv depi 24 e san remèd e sentòm yo amelyore.
2. Gen yon papye medikal siyen ki bay ki di moun nan pa malad ankò.
3. Yon moun ki pa konnen l te ekspoze pwòch yon moun ki gen COVID e ki gen yon prèv tès negatif pou COVIDt, ki gen 24 e san fyèv san li pat pran medikaman, e li pa gen sentòm. (Tès ki administre lakay pa akseptab.)

- Etidyan e pèsonèl ki teste pozitif pou COVID-19 dwe izole tèt yo lakay pou yon peryòd minimòm 10 jou. Yo ka retounen lekòl apre 10 jou si yo pase 24 e san medikaman e sentòm yo amelyore. Anplis, pesonel ki testepozitif ap bezwen jwenn papye medical ki klarifye yo pou retounen.
- Etidyan ki nan karantèn ap kapab travay pandan yo lakay. Leson e devwa ap poste anliy pou etidyan konplete nan vitès pa yo. Distri a kontinye eksplòre lòt opsyon aprantisaj pou etidyan ki nan karantèn. Sepandan, nan moman sa a, PCPS pa ofri klas senkron – klas vityèl kote anseyan e etidyan patisipe similtaneman nan leson anliy ansanm.

VWAYAJ DEYÒ & GWO RASANBLEMAN



- An rezon kalite espas aktivite yo, vwayaj deyò yo, rasanbleman gran gwoup yo ap analize sou baz patikilye selon chak ka.

VAKSINASYON



- CDC e Depatman Sante Florid nan Zòn Pok ka rekòmande tout moun ki elijib pou yo vaksine kont COVID-19.
- Vaksen Pfizer a disponib pou moun 12 zan e plis.
- Pèsonèl e etidyan konsidere antyèman vaksine depi de semèn pase apre yo pran dòz final vaksen an.
- Vaksen gratis posib pou jwenn nan divès kote, tankou famasi kòm CVS e Publix e Depatman Sante Florid nan Pok la. Pou plis enfòmasyon, kontakte Sant Enfòmasyon Pok nan telefòn sa a/DOH-Polk's Information Center at (863) 519-7911.

ATLETIK



- Atletik ap kontinye ofri diran ane eskòlè 2021-2022 a.
- CDC e Depatman Sante Florid nan Pok la rekòmande tout pasajè ki monte abò bis yo pou yo pote kouvrelè fas diran yo abò bis lekòl la. Kouvrelè fas la opsyonèl pou kounye a.
- Etidyan e pèsònèl yo dwe tcheke sentòm pa yo chak jou. Nenpòt moun ki gen fyèv, osewa sentòm ki lye avèk COVID-19, pa dwe vini lekòl ni pratike si yo santi yo malad.
- Aktivite an plen è ap posib 100%, kapasite aktivite ki dewoule andedan yo ap limite a 75% pou kounye a.
- Aktivite spotif Lekòl Mwayen/Middle school ap pèmi depi regleman mitigasyon atletik COVID yo respekte.
- Edikasyon fizik lekòl elemantè ap pèmèt kek pwotokòl menm jan ak lane pase a. Li pa obligatwa pou pote kouvrelè fas diran PE e ekipman tèren jwèt yo ka sèvi.
- Rali Pep yo pap fèt sof si yo ka dewoule deyò nan tout sekirite.

BOZ AR



- CDC e Depatman Sante Florid nan Pok la rekòmande tout pasaje ki monte abò bis yo pou pote kouvrelè fas diran yo nan bis lekòl la. Malge kouvrelè fas la opsyonèl pou kounye a, izaj kouvrelè fas la rekòmande nan moman moun yo ap chante.

- Etidyan e pèsònèl dwe tcheke sentòm pa yo chak jou. Nenpòt moun ki gen fyèv oswa sentòm ki lye avèk COVID-19 pa dwe vini lekòl ni pratike si yo santi yo malad.
- Etidyan ap obsève distansyasyon sosyal nan dènye rigè posib lè yo nan espas repetisyon e pèfomans yo.
- Echanj enstriman, ekipman e materyèl ap limite e/ou evite.
- Lekòl yo ka itilize lòt estrateji pou redui pwopagasyon maladi, tankou fè repetisyon deyò lè espas e tan an pèmèt sa e sèvi ak klòch pwoteksyon pou kouvri tout bouch enstriman van yo.
- Aktivite an plen e ap pèmi 100%, kapasite aktivite andedan ap limite a 75% pou kounye a.

VOLONTÈ/VIZITÈ



- Volontè ki ofri sèvis esansyèl pou etidyan ak pèsònèl ap ka vini sou kanpis.
- N ap avize moun ki nan sevis volontarya yo pou konnen menm si kouvrelè fas opsyonèl men CDC e Depatman Sante Florid Nan Rejyon Pok la rekòmande anpil pou moun pote kouvrelè fas.
- Volontè e vizitè ap kontinye suiv pwosedi tchèk nòmal yo, tankou pase atravè Raptor, ki se sistèm distri a met anplas pou tchèk volontè e vizitè yo.
- Volontè e vizitè yo ap trake e anrejistre mouvman yo pandan yo sou kanpis la.